ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№212 (21.620) ● 2009 гъэм щэкІуэгъуэм (ноябрым) и 11, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

● Дыгъуасэ

Шынагъуэ къэмыгъэхъун

ЩэкІуэгъуэм и 10-м КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен КъБР-м Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкІэ и советым хэтэм зи чэзур къэмысса зэІущІэ ядригъэкІуэкІащ икІи икІэщыщІэкІэ зэфІэхьыпхъэу къэувэ Іуэхугъуэхэм тепсэлъыхьащ.

ЗЭІУЩІЭМ нэхъыбэу щытепсэлъыхьащ цІыхухэр къезышэжІ транспортым и лэжьыгъэр шынагъэншэу къыдэгъэзэжыным, щэкІуэгъуэм и 5-м «Кавказ» федеральнэ гъэзэгу и 408-нэ километрым къыщыхъуа, цІыху куэд зыхэкІуэда насыпыншагъэм, Къабэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІыналъэм ит еджапІэхэр, сымаджэщхэр, жьы хъуахэр, ныкъуэдыкъуэхэр, сабий зеиншэхэр щапІыж унэхэр зыхэт социальнэ Іуэхущапіэхэр мафІэсым щыхъуэныным.

Президент Къанокъуэ Арсен хэкъуэдау жиІащ республикэм и гъуэгухэм щызекІуэжьыр шынагъэншэу щытын зэрыхуейр икІи ар къыдэгъэпэщыныр зи кьалэн министерствэхэмрэ Іуэхущапіэхэмрэ я Іэтащхьэхэм унафэ пыухыкІахэр яхуищІащ гъуэгум къыщыхъу насыпынщагъэхэр къызыхэкІ щхьэусыгъуэхэр Іэмал зэрилэкІэ гъэмэщІэным елэжьыну. Псалъэм папщІэ, КъБР-м къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ и министру щыІэ Томчак Юрий жриІащ цІыхухэр къезышэкІ транспортыр шынагъэншэу зекІуэныр кІэзэрегъэпэщыну, ар зи кьалэн къулыкъущапіэхэм щылажьхэмэ яхь жэуапльныгъэр зыщамытагъэпущэну; Транспортыр щІэпльыкІынымкІэ федеральнэ Іэнатіэм и щІыпІэ къудамэм и унафэщІ Ахъуэхъу Аслъэнбэч - цІыхухэр къешэжкІын Іэнатіэм ирилажьхэм къэпщытэныгъэ лэжьыгъэхэр драгъэкІуэкІыну; хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэмкіэ, жьылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэныкІэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ министр Пащты Борис пшэрыльо щищІащ КъБР-м и МВД-м и УГИБДД-м щыхухэр зэрыпсэлъэн телефон номерхэр хъыбарегъащІэ Іэмалхэмкіэ хэІущІыну ящІыну. Гъуэгум зэрыщІэзекІуэ хабзэхэр кьыззэпызыуд Іуэху фрихьэлІэмэ, фыпсалъэ хъунущ **96-23-22, 49-50-62** телефонхэмкІэ.

Зи гугъу ящІа Іуэхум ипкъ иткІэ КъБР-м и Правительствэм къызэрагъэпэщащ министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ я унафэщІ зыбжанэ зыхэт лэжьакІуэ-къэпщытакІуэ гуп, «2007 - 2012 гъэхэм КъБР-м и гъуэгухэм щынагъэншэу щызекІуэныр егъэфІэкІуэн программэр гъэзэщІэным егъэщІылІауэ. Правительствэм и Унафэщ Меркулов Александр щІэрыльо щащІащ «2007 - 2012 гъэхэм КъБР-м и социальнэ Іэнатіэхэр мафІэсхэм щыкІуэмэн» республикэ целевой программэм мылъку хьэпъхьэныр кьызэрагъэпэщыну, жьы хъуахэр, ныкъуэдыкъуэхэр, сабий зеиншэхэр щапІыж унэхэм мафІэс кьыщыімыхьэмкІэ, апхуэдэ кьэхъукъащэмкІэ хэыбар кьызыт зэпыщІэныгъэхэр гъэпсынымкІэ намыгъэсу кьэна Іуэху псори дызэрыт ильэсыр имыкІ щыкІэ зэфІагъэкІыну.

КОНАКОВ Хьэсэн.

Къытхуогузавэ

ЩЭКІУЭГЪУЭМ и 5-м «Кавказ» автомобиль гъэзугум къыщыхъуа нэщІабжьэм ди цІыхухэр зэрыхэкІуэдам игъэщхьэжъгъуар Къабэрдей-Балъкъэрым исхэм я закъуэкьым. Республикэм и унафэщІхэмрэ хэкІуэдахэм я унафэхэмрэ кьахэзгъэзэващ Урысейм и Хэхэкіуэ комиссэ нэхъыщхьэм и унафэщІ Чуров Владимиррэ Осетие Ипщэ Республикэм и Президент Кокойты Эдуардрэ.

«Гъэзэгъэзэшхэм цІыху гъащІэхэр ихьащ, абы я унагъэхэм гуаУэ кьриІыльащ. Ди республикэм и цІыхухэри фэ фщІыгъуэ мэщыгъуэ апхуэдэ нэщІабжьэ кьызэрыфІыьсам кьыхэкІыу», - ,Осетие Ипщэм и унафэщІым и телеграммэм.

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущапіэ.

● Къэрал къулыкъущапіэхэм

Сурэтыр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

Сом мелуани 10-м щІигъу хухах

КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен Іущіащ Кавказ Ищхьэрэ гъущІ гъуэгум и унафэщІ Голосковым Владимир, КъБР-м и Правительствэм зэгурыІуэныгъэ иришыІэн мурадкІэ республикэм кьэкІуам.

Къабэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэм кьиІэтащ гъущІ гъуэгухэмкІэ цІыхухэмрэ хьэльэхэмрэ кьешэжкІынрэ ехьэлІауэ мы зэманым нэхъыщхьэу кьиІыьитэ кьалэнэхэр. Псом япэу Кьанокъуэ Арсен кьыхигъэщІар мы Іуэхуращ:

- Сэ сегъэпейтей гъущІ гъуэгухэр зыкІуэцІрыкІ щІыпІэхэм я тепльэм. Язык ныкъуэхэр удзыкьхэм зэщІащІащ. ЩІыр зытедгъэгуаши дывгъэгъэкьабзэ, зыхуэи хуэдвгъэгъаазэ. Дэ дихьхьэзырщ мы Іуэхум ахьшэ хэтлъхьэну.

Курорт Іэнэтіэм зригъэужьыну Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэр зэрыхущІэкьум и гугъу щищым Кьанокъуэ Арсен кьыхигъэбелджылыкІащ, туристхэр ди щІыналъэм кьыхуеІэ хьун щхьэкІэ, транспортым, кьыщыхуащІэ Іуэхугъэбзэхэр егъэфІэкІуэным кьыззэрыщыщІэдзапхъэр.

- Сэ си сайтым ди республикэм и цІыхухэмрэ абы и хьэщІэхэмрэ я тхыгъэхэр кьоКІуэ аэро-гъущІ гъуэгу транспортым кьыщыхуащІэ Іуэхутхьэбзэхэр зэрымыщІагъуэр кьыщагъэльагъуэу. Дэ ди мурадщ аэровокзалыщІэ духэуну Налшыкрэ Москварэ кхъухьлатэкІэ зэпызыщІэ «Волга-авиа» компанием зэгурыІуэныгъэ етщІылІащ. Иджы Іуэхур кьыщынэр гъущІ гъуэгу транспортыщ. Сэ сытогуэвэвыхь Налшык икІыу Москва автобусхэмкІэ кІуэну цІыхухэм нэхъ кьызэращІэм. Ар ящынагъэнэжьхьэ, - жиІащ КъБР-м и Президентым.

Абы кьыхилъхьащ тыншыгъуэ дыдэу щыт иджырей вагонхэм хуэдэ мафІэгум пащІэну. ИтІанэ гъуэгу техьэ щыхухэмкІэ зыхуэгъэкьабзэ, СВ лІэужьыгъуэм щыщ вагонхэр мы гъэм гъуэгум тедгъэхьэнщ. Апхуэдэ вагонхэр республикэм и цІыхухэм ягу ирихьмэ, абыхэм я бжыгъэм етІанэгъэ хэдгъэхьэнщ, - кьиІэгугъащ СКЖД-м и унафэщІым.

Республикэм и Іэтащхьэм Іуэхущапіэм и унафэщІхэм фЫщІэ яхуищІащ Май кьалэмрэ Шытхьэлэ кьуажэмрэ я деж гъущІ гъуэгум автомобиль зэпрыкІыпІэхэр зэрыщІаухуам папщІэ. Голосковым Владимир лъэІуащ автоматикэр зыкІэлъыплъ зэпрыкІыпІэхэм деж ГИБДД-м и лэжьакІуэхэр ягъэувыну.

ГуужькІэ Голосковым Владимиррэ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщІ Меркулов Александррэ Іэ тридзащ Кавказ Ищхьэрэ гъущІ гъуэгу Іуэхущапіэмрэ республикэм и Правительствэмрэ зэращІылІа кьэралгъэ зэгурыІуэныгъэм. Абы щІегъэбыдэ Минеральные воды - Налшык, Прохладнэ - Налшык гъущІ гъуэгухэм цІыхухэр кьыщешэжкІынкІэ кьыззэгъэпэщыныжкІэ СКЖД-мрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ зэфІагъэкІынухэр.

ЦІыхухэр кьешэжкІынымкІэ Іэнатіэм сыт щыгъуи хэщІынигъэ иІэ хабзэщ. Ар ирагъэкъужьы папщІэ 2010 гъэм республикэ бюджетым СКЖД-м сом мелуани 10-рэ мин 400-рэ хуиутІыпщынущ.

ТОЛАСОВЭ Екатеринэ.

● КъБР-м и Правительствэм

Къэрал мылъкур зегъэкІуэным пыщІахэр

КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен Правительствэм хэтхэм ядригъэкІуэкІа зи чэзу зэІущІэр теуХуауэ щытащ Къэрал мылъкур зегъэкІуэнымкІэ федеральнэ агентствэм КъБР-м щиІэ щІыналъэ Іуэхущапіэм 2008 гъэм и блэкІа мазибгъуэм зэфІигъэкІа (лэжьыгъэхэр къэпщытэным, дяпэкІэ кьыпэщылъ кьалэнхэр убзыхуным.

А ІУЭХУР убгъуауэ утыку кьрихьащ Къэрал мылъкур зегъэкІуэнымкІэ федеральнэ агентствэм КъБР-м щиІэ щІыналъэ Іуэхущапіэм и унафэщІ **Іэщын Сергей.** ЗэІущІэм хэтащ КъБР-м и Правительствэм и унафэщІ **Меркулов Александр.**

ЗэІущІэр кьыщызэІуихым КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен жиІащ мы Іуэхущапіэр 2003 гъэ лъандэрэ КъБР-м зэрыщылажьэр. А зэманым кьриубыдэу Іэнатіэм и фІэщыгъэщІэр зыбжанэрэ зэрахъуэкІами, абы и кьалэн нэхъыщхьэхэр зэрыщытыгъуэ кьэнэжащ: федеральнэ мылъкур зегъэкІуэныр; приватизацэ ящІа федеральнэ мылъкур щэжьыным и Іуэхур кьызэгъэпэщыныр; кьэрал Іуэхутхьэбзэхэр щІыхьэм яхуэщІэныр, нэгъуэщІхэри.

- Нобэкіэ ди республикэм федеральнэ мылъкуу Іуэхущапіэм 191-рэ щолажьэ, - жиІащ Іэщын Сергей. - Кьыхэбгъэщмэ, иужьрей илъэсхэм абыхэм я бжыгъэр нэхъ мащІэ хъу зэпытщ, сыт щхьэкІэ щІыпІэм, язынкІуэ федеральнэ Іуэхущапіэхэр хэтъуэгухэм ыратыж, абы щагъэзащІэ кьаІэныр и пщэ зэрыдагъэхъэм кьыхэкІыну, етІуанэрауэ, федеральнэ Іуэхущапіэм зригъэубгъэн щхьэкІэ езым кьызыхуегъэнэж.

Іэщынир щхьэхуэу кьиІетуеВыІащ КъБР-м щиІэ акционер обществэ зэІуха 27-м я акцэхэр федерал мылъкуу зэрыщытым. Абыхэм я нэхъыбэр (17-р е процент 63-р) мэкъумэт Іуэхущапіэхэрэ, ящІ Іуэхум пыщІа ныкъуэсанытэхэм кьыщытеуВыІэм, унафэщІым кьыхигъэщащ ирагъэкІуэкІа кьэпщытэныгъэхэм япкъ иткІэ, язынкІуэ ОАО-хэр кьэралым кьыІахьижу, федеральнэ мылъкур приватизацэ щІауэ щэжьным ипрограммэм хагъэхьэмэ, нэхъыфІу кьызэрагъэтэр.

АдэкІэ Іэщыным кьыхигъэбелджылыкІащ федеральнэ мылъкур кьэгъэсэбэпынымкІэ бюджетэр кьалэнхэр нэсу гъэзэщІа зэрыхъур. Абы екьэлІа Іуэхухэр гугъуехыншІэу зэрызэфІагъэкІыр, ауэ щІыр щэным гугъу нэхъ зэрыдехьэр кьыхигъэщащ кьэпсалъэм.

Къэрал мылъкур зегъэкІуэнымкІэ федеральнэ агентствэм КъБР-м щиІэ щІыналъэ Іуэхущапіэм пыщІэныгъэ быдэ яхуиІэу ядолажьэ республикэм щыІэ адрей федеральнэ Іуэхущапіэхэм. КьыщынэмыщІауэ, сыт хуэдэ Іуэхури ынэтІынымкІэ, зыхуей хуэзэу зэфІэхьыныкІэ КъБР-м и Гъэзэщіакіуэ органэм япыщІащ.

- Федеральнэ мылъкур мыхьэнэ иІэу къэгъэсэбэпыным кІэлъыплъынкІэ Іуэхугъуэ пыухыкІам тету кьызэрызэдгъэпэщыным дыхущІокъу, - пищащ адэкІэ Іэщын Сергей. - Дэ ПІалъэ-ПІалъэкІэрэ щІыпІэ кьэпщытэныгъэхэр идогъэкІуэкІ, Хабзэм кьыгъэуВ пщащ ыкІи нтІа кьэрал мылъкур кьэгъэсэбэпынымкІэ зэрекІуэкІым дыкІэльоплъ, кьэралым и акцэ Іыхьэ зыхэлъ ОАО-хэм я гъэкьыгъэм зыщыдогъэгъуазэ. А Іуэхуэхэр нэсу зэфІэха хъунымкІэ дэ кьыдолажьэ хабзэхъуэмэ Іэнатіэм и лэжьакІуэхэр, кьэзыпщІыгъэ органхэр.

ЩІы кІапэхэр приватизацэ щІыным, кьэрал мылъкум хьихь щІы Іыхьэхэр гъэнэгуэным ехьелІауэ Іуэхущапіэм иригъэкІуэкІ лэжьыгъэхэм щытепсэтыхьым, Іэщыным нэхъыщхьэу кьыхигъэбелджылыкІащ абы хэхъуэшхэу кьиІэзыгъэуВ, республикэм щІы Іэнэщ Іэримащ1эм кьыхэкІыу, аукционхэр кьызэрызэрамыгъэпэщырэ. Яцэ щІы Іыхьэм кьэпщІауэ федеральнэ бюджетым 2007 гъэм иІэ хэхъуэр зы процент закъуэщ, 2008 гъэм - процент 18-щ.

АдэкІэ Іэщынир кьытеуВыІащ мыхьэнэ нэхъыбэ зэтыпхъэ унэтІынныгъэ Къэрал мылъкур зегъэкІуэнымкІэ федеральнэ агентствэм КъБР-м щиІэ щІыналъэ Іуэхущапіэм и пащхьэ кьытыр Іуащхьэмахуэ лъапэ» лъэпкъ паркым и щІыналъэр зейр и кІэм нэсу зэхэзгъэкІынымкІэ мы гъэм зэфІэгъэкІынымкІэ зэрыарар, суд Іуэхукіэ кьытраха мылъкур щэжьным екьэлІа Іуэхугъуэхэрэ абы пыщІа гугъуехьхэмрэ.

ЗэІущІэм кьыщыпсэльа нэужь, Іэщын Сергей жэуап яритащ КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен министрэмэ я упщІэхэм. Правительствэм хэтхэм адэкІэ Іуэхугъуэ зэмылІэужьыгъуэхэр зэпкърахащ.

НЭЩЦЭПЫДЖЭ Замирэ.



Уэгумрэ фадэмрэ

УФ-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Иванов Сергей ди къэралым Транспортымкіэ и министерствэм и коллегием и зэІущІэм къыщыщымысащ льэм кьыхилъхьащ чэфу лэжьапІэм екІуэлІа кхъухьльатэзехуэм и ІэщІагъэм ирилажьну иІэ хуитыныгъэр кьыІахьину, апхуэдэу кхъухьлатэ кІуэным ыпри фадэ щрамыгъэфэну.

Вице-премьерым кьызэрыхигъэщІамкІэ, а Іуэхуэхэр щхьэпэнчэ хьуэ транспортым щынагъэншагъэр щыгъэльэщыныкІэ.

Дзыхь зыхуегъэщІын

Дыгъуасэ ди къэралым щагъэльэпІащ Милицэм и махуэр.

Жэщи махуи зи кьалэн мытыншыр езыхьэкІхэм екьуэхъуащ УФ-м къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ и министр Нурэлиев Рашид. Абы кьехьэкІнехьэкІ хэмылъу жиІащ иужь зэманым щІыхуэхэм милицэм и лэжьакІуэхэм хуащІ дзыхьыр кьызэрыгъэсхьар. - Дэ дыщІэбэным хуейщ дзыхь кьытхуащІ хъужьным,- жиІащ абы.

Милицэм и лэжьакІуэхэм я щІыхькІэ Москва концертыщхуэ щатащ.

Щхьэхуэ щІыпІэм

Тэтэр псы дэжьыпІэм дыгъуасэ нагъэсащ псы щІагъым щылъжьфыну Іэмэпсымэхэр.

Абыхэм махуэ зыбжанэ и пэкІэ щІыпІэм щехуэха Ту-142 кхъухьлатэм и къутахуэхэмрэ абы ита «ашык фІыщІэхэмрэ» (кьэхъу псори зытххэр) кьалъыхьуэнущ.

Кхъухьлатэм цІыху 11 исащ. Абыхэм ящыщ псэууэ кьелауэ кьагъуэтыжьыкІэ гугъапІэ щыІэкъым.

Зэхэзехуэн ящІми

Дыгъуасэ Москва нэсащ НовороссийсккІэ УВД-м и майор Дымовский Алексей.

Ар мэгугъэ езым кьыщІхьэщыжьыну кьалащхьэм кьыщигъуэтыну. Офицерым махуэ зыбжанэ и пэкІэ УФ-м и Правительствэм и УнафэщІ Путин Владимир видеотхыгъэкІэ зыхуигъазэри жиІащ милицэм кьулыкъушхуэ щызыІыигъэм хабзэр иэмыкІытагъэ хэлъу кьыхэпауду, мылъку зралъэфалІэу. Абы и жэуапу ар и Іэнатіэм Іуащ ТыгІэкІащ, зыгуэрэхэм пщІы ятрилъхьэу щхьэусыгъуэ ящІри.

АрщхьэкІэ хабзэхъуэмэр икІуэтакьым. Ар Москва кІуэну ежьащ. Пэжщ, милицэм и лэжьакІуэхэм Дон Іус Ростов и деж щаубыдри, сыхьэт зыбжанэкІэ щаІыгъащ, ауэ иужькІэ яутІыпщыкьи хуейр хъуащ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Акъылым и анэр гупсысэщ.

●ХъыбарегъащІэ

Джигарханян Армен Налшык къыщыкІуэну пІалъэр егъэІэпхъуа

Щэкіуэгъуэм и 12-м Къэбэрдей-Балъкъэрым къэкІуэн хуейт СССР-м и цІыхубзэ артист Джигарханян Армен, арщхьэкІэ, сымаджэ зэрыхъуам кьыхэкІыу, а пІалъэр игъэІэпхъуащ. Артистым и пшыхьыр щекІуэкІынум теухуа хъыбар нужькІэ фэдгъэщІэнщ.

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущапіэ.

НОБЭ

Ди газетым зэрытетащи, КъБКъУ-м и педагогикэ колледжыр къыщырызэІуахрэ мы махуэхэм ильэс 85-рэ ирикъуащ. Ар Іэтауэ щагъэльэпІа гуфІэгъуэ пщыхь мэрем кІуам щекІуэкІащ университетым и актовэ залым. Гъэтхэмкіэ гъэщІэрэщІа пэщышхуэм еджэныгъэм, щІэныгъэм я мыхьэнэм теуХуа кьыхуеджэныгъэхэр щыкуэдт, макъамэ дахэ кьыщеуэрт.

ПЕДКОЛЛЕДЖЫМ и гуфІэгъуэр даІэтыну зэхуэсым кьекІуэлІат Іуэхум и кьыззэгъэпэщакІуэ еджапІэ нэхъыщхьэм, университетым и егъэджакІуэхэр, Іэщіагъэлэ1хэр, студентхэр. Абыхэм яхэтт КъБКъУ-м и ректор **Къарэмырзэ Барэсбий,** университетым физическэ щэнхабзэмкіэ и фаультетым и декан **Тхьэзэпэть Іэнпуар**, педколледжым и унафэщІ **Байчекуев Нинэ**, егъэджэныгъэм и ветеранхэр. ХьэщІэ пІапІэ куэди кьахуеблэгъащ а пщыхьэщхьэм махуэщхуэ зейхэм. Апхуэдэхэт КъБР-м и Парламентым и Тхьэмадэм и къуэдзэ **Саенкэ Татьянэ**, КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министрым и къуэдзэ **Дорохинэ Лидие,** КъБР-м хьыбарегъащІэ Іэнатіэхэмкіэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэ нымрэ щІалэгъуэм и Іуэхухэмкіэ и министрым и къуэдзэ **Текуев Алим**, КъБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ, Спортымрэ туризмэмкІэ и министерствэхэм я лІыкІуэхэр, нэгъуэщІхэри. Педколледжым и илъэс 85 юбилеймкІэ екъуэхуэну пшыхьым зыкъорагъэхьэлІащ Ищщ Федеральнэ щІыналъэм хиубыдэ щІыпІэ зыбжанэм щыІэ педколледжхэм я унафэщІхэм. Абыхэм ящыщщ Къалмыкъ, Дагыстан, Шэшэн республикэхэм, Ставрополь краим щылажьэ апхуэдэ еджапІэхэм кьикІа хьэщІэхэр.

(КІэухыр 4-нэ нап.).

● Махуэшхуэхэр

ЩІэдзапІэ

«Адыгэ псальэр» къыфІэрыхьэну фыхуеймэ

Ди щІэдзакІэкІуэ лъапІэхэ!

Гу лыжьдэтхэну дыхуейщ 2010 гъэм и япэ итіыс ныкъуэм кьыфІэрыхьэну газетхэм, журналхэм Іэ тедгъэнэр зэрекІуэкІым.

Итіыс ныкъуэм ди газетым и уасэщ сом 356-рэ кІэлІейкІи 10-рэ.

«Адыгэ псальэм» Іэ щІлевдзэ хъунущ республикэм и пощт ТуэхущапІэ посми.

Ди индексэр 51531

Хьэшыр Чылар и лІыгъэ

● Гу зылъытапхъэ

Налшык дэт Музыкэ театрым 2009 гъэм щэкІуэгъуэм и 11-м щызэхэтынущ Іуащхьэмахуэ дэкІыным теуХуа япэ Урысей экспедициэмрэ Европэм и щыгу нэхъ льагэ дыдэм ящэу зи лэр теуВа адыгэлІ Хьэшыр Чыларрэ я щІыхькІэ къызэрагъэпэща гуфІэгъуэ пшыхьыр.

Хьэшыр Чылар Іуащхьэмахуэ зэрыдэкІрэ илъэси 180-рэ зэрырикъуам и щІыхькІэ къыдагъэкІа дыщэ медалыр зыхуагъэфэщащэм щратыжынущ а гуфІэгъуэ зэхэхьэм. Апхуэдэуи пшыхьым кьрихьэлІэнухэм я нэгу зрагъэжьынущ Къэбэрдей-Балъкъэр, Адыгэ, Къэрэшей-Щэрджэс, Дагъыстан, Ингуш, Шэшэн, Осетие Ищхьэрэ - Алание, Осетие Ипщэ республикэхэм, Краснодар, Ставрополь крайхэм щыщ артист цІэрыІуэхэм.

Пшыхьым щыщІидзэнут сыхьэт 18-рэ дакъикъэ 30-рщ.

Адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я ЗэгъэгъэуІу совет.

Іэнатіэншэхэр ягъэмащІэ

АДЫГЕЙ. *2010 гъэм Адыгейм лэжьапІэнщхэр Іэнатіэкіэ кьыщызэгъэпэщыным ехьэлІа республикэ программэм и проект иджыблагъэ зэхагъэуващ. Абы щыпІэ министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ иджыпсту хоплъэ.*

ПРОГРАММЭР гъэзэщІэным сом мелуан 291,4-рэ текІуэдэнущ. Абы щыщу сом мелуан 276,8-р федеральнэ, мелуан 14,6-р республикэ бюджетхэм кьахэкІынущ.

- Республикэ программэм ипкъ иткІэ, лэжьыгъэ Іэнатіэкіэ цІыху 11400-рэ кьызэдгъэпэщынущ. Абыхэм ящыщу Іэщіагъэхэм хурагъэджэнущ, хуагъэхьэзырынущ. Жылагъуэ лэжьыгъэхэм кьыхэзгъэщІ цІыху 7500-рэ, бизнес цІыкІум - 2600-рэ, - щІыжаІащ Адыгейм цІыхуэхэр лэжьыгъэкІэ кьызэгъэпэщыныжкІэ и центрым.

Щіэпхъаджагъэхэм щахъумэ

Адыгейм терроризмэм пэщІэтыныжкІэ и республикэ комиссэм и зэІущІэ иджыблагъэ екІуэкІащ. Абы щыхэпльащ терроризмэрэ экстремизмэмрэ ебэныныжкІэ щІыналъэ программэр зэрагъэзащІэ щыкІэм.

ЗэІущІэм кьыщыпсэльа нэужь, Іэщын Сергей жэуап яритащ КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен министрэмэ я упщІэхэм. Правительствэм хэтхэм адэкІэ Іуэхугъуэ зэмылІэужьыгъуэхэр зэпкърахащ.

Абы кьыхэкІыу унафэ кьащтащ «Адыгей» ГТРК-м дин, лъэпкъ шыІэныгъэм кьыхуезыдэж цикл нэтынхэр нэхъыбэу щагъэхьэзырынущ. Комиссэм кьыщаІэта Іуэхугъуэхэм арэзы техьауащ Адыгейм и Президент Тхьэкіэчышэнэ Аслъэнджэрий икІи кьызэхуэсахэр кьыхуриджащ я лэжьыгъэр щагъэхуэбжьэну.

Ипотекэ кредитым пагьакІуэ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. *2009 гъэм зэрыщІидзэрэ унагъуэ 120-м я анэ капиталымкІэ ипотекэ кредитхэр япщынысащ. Псори зэхэту Пенсэ фондым и Іуэхугъуэхэм сом мелуан 34-м нэблагъэ яхуиутІыпщащ.*

ИПОТЕКЭ щыхуэр анэ капиталымкІэ ятыжыну щІыпІэ Пенсэ фондым и кьудамэу куейхэм щыІэм лъэІуэкІу унагъуэ 140-м щигъуэ зыуэ я ят сом мин 12-р кьыІахащ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым Щэнхабзэмкiэ и комитетым и унафэщIым и къудэзыгъэ хэхьыным и Iуахыгъэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Регламентым и 22-нэ статьям ипкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI:**

1. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым Щэнхабзэмкiэ и комитетым и унафэщIым и къудэзыгъэ **Бесльэней Аслъэн Зулымбий и къуэр** хэхьи.

2. Мы Унафэм къару егъуэт ар къыщыдгъэ махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налшык къалэ
2009 гъэм жэпуэгъуэм и 31-м
№152-IV-П

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и судыщIэхэм я квалификационнэ коллегием жылагъуэм и лIыкIуэу Л. Л. хэгъэхьэным и Iуахыгъэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

«Урысей Федерацэм и суд зегъэужьным и органхэм ятеухуауэ» Федеральнэ законым и 11-нэ статьям и 6-нэ пунктымрэ «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и судыщIэхэм я квалификационнэ коллегием жылагъуэм я лIыкIуэхэр зэрыхагъэхьэм и Iуахыгъэ» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Законым и 3-нэ статьям япкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI:**

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и судыщIэхэм я квалификационнэ коллегием жылагъуэм и лIыкIуэу хэгъэхьэн **Маликовэ Л. Л.**

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налшык къалэ
2009 гъэм жэпуэгъуэм и 31-м
№153-IV-П

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыщ Налшык къалэм и суд участкэ №9-м и зэзыгъэкIуэ судыщIэу **Будаевэ Зухра Абдулэтхъ и пхъур** гъэувыным и Iуэхугъэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Конституцэм и 100 статьям и 1-нэ Iыхьэм и «и» пунктым, 117-нэ статьям и 3-нэ Iыхьэм, «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и зэзыгъэкIуэ судыщIэхэм я Iуэхугъэ» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Законым и 6-нэ статьям япкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI:**

1. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыщ Налшык къалэм и суд участкэ №9-м и зэзыгъэкIуэ судыщIэу **Будаевэ Зухра Абдулэтхъ и пхъур** гъэувын.

2. Мы Унафэм къару егъуэт ар къыщыдгъэ махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налшык къалэ
2009 гъэм жэпуэгъуэм и 31-м
№154-IV-П

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыщ Прохладнэ къалэм и суд участкэ №1-м я зэзыгъэкIуэ судыщIэу **Сурженко Николай Федор и къуэр** гъэувын и Iуэхугъэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Конституцэм и 100 статьям и 1-нэ Iыхьэм и «и» пунктым, 117-нэ статьям и 3-нэ Iыхьэм, «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и зэзыгъэкIуэ судыщIэхэм я Iуэхугъэ» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Законым и 6-нэ статьям япкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI:**

1. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыщ Прохладнэ къалэм и суд участкэ №1-м и зэзыгъэкIуэ судыщIэу **Сурженко Николай Федор и къуэр** гъэувын.

2. Мы Унафэм къару егъуэт ар къыщыдгъэ махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налшык къалэ
2009 гъэм жэпуэгъуэм и 31-м
№155-IV-П

Залымыгъэ зыкIэлъыIэсырахьахэм я фэеплъ

●ПэкIу

Политикэ залымыгъэ зыкIэлъыIэсырахьахэм я фэеплъ махуэм теухуа пэкIу щыIэхэугъэ зауэм хэкIуэдахэм я МафIэ мыуружыкIыу Налшык дэтым деж.

ФИГУ къэдгъэкIыжьыну ди щIыналъэм щыщу 1917-1937 гъэхэм кьурибыдэу лажьэнэшэу ягъэкIуэда цIыху хейхэм я фэеплъ а мафIэм ибгъумкIэ ягъэувын хуейуэ зэрыщыгъыр. Апхуэдэ мурад зэращIэ илъэс зыбжанэ дэкIамэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, а Iуэхур и пIэ икIакъым. ПэкIум кьелIэуIахэм удз гъэгъахэр тралъхьащ фэеплъ-щапхъэу пIалъэкIэ ягъэтIылъа мывэ закъуэм. Илъэс кIэлъ хуэдэу, мыбдеж къыщыззохуэсат къэралым щекIуэкIа политикэ мыхъумыщIэм и зэран зэкIащхэм я бынхэр, я бынхэм я бынымэхэр. Абыхэм ящыщу дотхэнэ зыми яIэт зытепсэлъхьыр.

Политикэ репрессием ихьахэм я Урысей зэгуэхьэныгъэм и Къэбэрдей-Балькъэр къудамэм и инафэщI Лафыщ Нинэ пэкIур кьызэIуиха нэужь, абы къекIуэлIахэр тепсэлъыхьащ блэкIа лIэщIыгъуэм хэта лъэхъэнэ щынагъуэм Iэмэ насыпыншагъэ ящIащ къаззэрыухьыну, лажьэнэшэу кIуэдазэр щауехижа илъэсхэм, абыхэм кьатехьу кIа щIэблэм иужькIэ ягъэзэтIыжа хуитынагъэм. Фэеплъ мазэуэм кьурихьэлIахэм яхэтт ди щIыналъэм щыщхэм я мыбзакъуэу Украинэм, Белоруссиеми 1929-1930 гъэхэм щыIэтрахьа жылагъуэхэм псэуцэ къыдзэкIыфахьэм я хитехьуIакIэхэри. Абыхэм фIыщIэ ящIу ягу кьаГэкIыжкащ ди щIыналъэр псэуплI яхуэхьуа нэужь, мыбы щагъуэта гупылитэмрэ гущIэгъуэмрэ ПэкIу нэужькьым Къэбэрдей-Балькъэрым и дин IэхуущапIэхэм я лIыкIуэхэм фэеплъщапхъэм дыуэ тращIащ, нэгъуэщI дин хуэIухуэщIэхэри щагъэзащIащ.

Зэхьыхьэм кьыщыпсэлъахэу Нало Зауррэ Зумакулов Борисрэ а лъэхъэнэ жыжьэм, абы щыIэгъуэ зэрахьа щIэпхъаджагъэхэм я гупсу ящIри щIалагъуэлэр къыхураджащ цIыхухэм я хуитныгъэр кьызэпсэлъыуд дэтхэнэ залымыгъэми и бийуэ сыт щыгъуи къэувын, мамырыгъэм, лъэпкъхэм я зэкъуэтынгъэм телэжьын зэрыхуейм.

КъБР-м и Лъэпкъ музейм а махуэм ирихьэлIэу кьыщыззоIуахащ «Лажьэншэу ягъэзэкIуэнышахэр» зыIыгъа гъэлъэгъуэныгъэ. УФ-м Цыхьэхэм я хуитынагъэр хъумэнымкIэ и IуэхущапIэм и къудамэу КъБР-м щыIэмрэ политикэ залымыгъэ зыкIэлъыIэсырахьахэм я ассоциацэмрэ зэгъусу кьызэрагъэпэща выставкэм хэтащ Iуэрыплъхьэ и цIыхубз зэгуэныгъэхэм, творческэ интеллигенцэм кьабгъэдэкIа лIыкIуэхэр, студентхэр, лей зытеIэкьам я Iыхьлыхэр. Выставкэм щагъэлъагъэуащ 1917-1937 гъэхэм лажьэншэу ягъэкIуэдахэм я сурэтхэр, ахэр зэгъэзэхуэжьыным теухуауэ ди республикэм кьыщыдэкIа газетхэм тета тхыгъэхэр, документхэр. Апхуэдэу цIыхубзым я пащхьэ кьралъхьащ НКВД-м иригъэкIуэкIа террорхэм я теуэгъуэщу кьалъытэ лъэхъэнэ зэхуэмыдэхэм - 1917-1920, 1923-1930, 1933-1937 гъэхэм зэтраукIа цIыхух хейхэм я цIэунэцIэхэр щыззохуэсэса фэеплъ тхылъхэр, ахэр цIей-напейкIэ ягъэIуи мурадкIэ кьыгъралъха хьыбырыпIэхэр Iупщу кьыщыгъэлъэгъуа стендхэр. Хэхи хэди зимыIа лъэхъэнэ шынагъуэм и Iуэжьхэр щынэрылъагъу стендым кьызэрыщыхьакIи, 1917-1923 гъэхэм кьырибыдэу лажьэ зэрамылажьэ кьэралым щагъэззэхуэжа цIыху 40.000.000-м яхэтщ ГУЛАГ-м и лъэхъэщхэм илъха 21.500.000-р, 1917-1923 гъэхэм екIуэкIа репрессием и закъуэ хиубыдащ кьэралыр зэрыгущыуэ творческэ цIыху мин 16, лажьакIуэрэ мэкъумэщышхэу 1 меларым щIигъу. 1923-1930 гъэхэм «кулак» зыIыгащIу якIаехэм я бжыгъэр мин 750-м щхьэдэх. 1933-1937 гъэхэм щхьэусыгъуэ зырызых-хэкIэ яуатIащ цIыху мелуани 2-м нэс. А бжыгъэхэм уагъэпIейтей, уагъэгузавэ, апхуэдэ афIэкIа къэмыгъэхъуным ухураджэ.

Лъэдэм и напэкIэуцI тщIгъунщэ мыхъунухэм ятеуха гущIэгъуэныгъэр зэрыщIэр щэкIуэгъуэ мазэр ирихьыу екIуэкIыну.

Абы щхьэкIэ ар кьытрадзащ а эзнаным ди щIыпIэм урысибзэкIэ кьыщыдэкIу щыта «Красная Звезда» газетым, апхуэдэу ар напэкIуэцI щхьэхуэуи кьыдагъэкIырт. А мурадыр яIэу Елбэд Хьэсанрэ КIэщэж Пагибэ 1923 гъэм кьыдагъэкIауэ, щыташ «Адыгэбзэм и азбукэ» тхылъыр. Зи бжыгъэкIэ куэд хьу а кьыдэкIыгъуэр занщIэу зэбгрыкIауэ щыташ. Ар зрагъэщIну я нэ кьыдIрт щIэныгъэм щIэхъуэпс, гъащIэщIэр зи пльапIэ цIыхубзым. ЩIэблэр а къэрфыгъэмкIэ егъэджэнымэ сабэп хуэхъуащ а лъэхъэнэм ди щIыпIэм щколэхэр кьызэрыщызыIуахари. Абыхэм адыгэбзэр щезыгъэджэжьну Iэщ1агъэлIэхэр япэ щIыкIэ зэхуашэсуэр, алыфбейм и тхыкIэмрэ кьеджэкIэмрэ щыгъуазэ хуащIыну. Ар зрагъэщIну я нэ кIыд

● Тхакіуэм и псалъэ

Ирегъаъэ къудамэщІэр!

«ЭЛЬБРУС» тхылъ тедзапІэм кьыщыдэкІащ тхэн щІэзыдзагъащІэхэм Хьэх Сэфарбий щадзлажьэ «Шыхулъагъуэ» литературэ хасэм хэтхэм я усэхэмрэ рассказхэмрэ щызэхуэхьэса «Кьудамэщ1э» тхылъыр.

АДЫГЭ литературэм, псом хуэмыдэж у, поэзиемрэ щытыкІэм игъэпелітейхэр иужьрей зэманым тегуэзвыхь хьуат тхакІуэ ныбжьыщІэхэр ди литературэм кьызэрыхэмыльэжьым.

Мы тхылъыр ирагъэхьэлІащ «Шыхулъагъуэм» гъэжьэн Іэзэрыщідзэрэ ильэс 20 щрикъум. Абы и гъэсэн зыбжанэ, творчествэм щаІэ зэфІэкІыр кьалъытэри, Тхакіуэхэм я союзым хагъэхьащ.

Ди литературэм и гугъу щащІкІэ, жаІэрепхі адыгэбзэкІэ еджэхэм эзрахэщІ эпытыр, тхэхэр нэхъ мащІэж зэрыхъур. Ягъэрауэ, щыхухэр адыгэбзэкІэ еджэн щхьэкІэ, а бзэмкІэ тхэрэ ятхарэ уимыІэу хьунукъым. «КьудамэщІэм» зи Іэрыкі ятхэм дагъэльгъуащ, зэман кьэкІуэнум тепщІыхьмэ, адыгэбзэкІэ тхаи тхэн дыззэриІэнур. Іэджэ ельытащ тхакІуэ ныбжьыщІэхэм я тхыгъэх эр кьаэрекъуліэ щыкІэм.

Тхылъыр кьызэІуех **Къуэщ1ысокьуэ Марьянэ** и усэ гупкІэ. Адыгэ пщащэр 1983 гъэм Кьулькъужьи Ипщэ (Абзуанхьэблэ) кьыщалъхуащ, КьБКъУ-м фило логиемкІэ и институтым урысыбзэмрэ литературэмкІэ и кьудамэр кьиухащ, и усэхэр нэхъапэм журналхэм, «Адыгэ псалъэ» газетым кьытрадзащ.

Усакіуэм и у сэ зытІущ укьеджа кьудеИкІэ, абы и кьэухьыр здынэсыр, зригъэгъуэта Іэзагъэр зыхуэдэр кьэщІэгъуейщ. Ауэ ящыныкъуэхэм дежи сатыр зыщыліпІым ухатъэгъуэ-зэфынуц абы и шым ижьынкъуэхуэдизым, сыткІэ уэдыгугъу хъунуми.

Марьянэ и усэ зыщьыпліщ мы тхылъым итыр. АтІэми, ящу сыкъыэзэджам гугъэ сигъэщІащ усакіуэ ныбжьыщІэм ешащ и бгъэдыхьэкІэ тэмэм, хьэтІхьарзынэ усэным жиІэу. Ун ящкІэ жаІар нэгъу щІащ псальэ эмкІэ кьэпІуэтэжрэ уэ уи рифмэкІэ зэбгъэдыжкІэ, ар уэ уи усэ хъунукъым. Ар дэнэ кьэна, усэр зейр а уи усэр кьызытептхыкІыжар зытхаращ. КьуэщІысокьуэм и тхыгъэхэм сыкьыщеджэм занщІэу си гуапэ хьуащ усэм и гупсысэри, и псальэхэри, и рифмэ, ритмикэ жьыхуэтІэхэри езым зэренжьыр.

ИльэсыщІэм усэ хуэзыгъэпсар Марьянэ и закьуэжьым, ди усакіуэхэм яхэту кьыщІэкІыжьыкІэм абы хуэмыуса. Псоми зыгуэр зыхуэтха Іуэхум зыщыхэзбгъащІэм дежи, щІэ гуэр зэпІалъхьэну, уи бгъэдыхьэкІэ кьыхуэбгъуэтыжьыну гугъущ. Марьянэ и «Ильэсыщ1эм» щыдоІыгъу усакіуэ ныбжьыщІэр езым и еплъыкІэ зи гугъу ящІым зэрыхуэпІэжьыр. Мыбдежьым щыынэрылъагъущ - усэным хэль Іуэхугуэр нэхъ гугъу дыдэхэм ящыщ зыр усэр зытхыр ар зытиртхыхьым зэрыхуущыт щыкІэр, хуиІэ дэрэжьгъуэр усэм еджэми зэрызыхригъэщІэфыр, Апхуэдэ хьэтІыкІэр я нэщэнщ Кьуэщ1ысокьуэм и адрей усэхэу тхылъым итхэм.

Сыт хуэдэу щымытами, усакіуэ ныбжьыщІэм и Іэрыкіхэм ущыхуозэ «мыпхуэдэхэм яхуэсакъ», жьиІэу чэнджэщІщептыпхъэ гуэрхэми. Псалъэм папщІэ, усакіуэ кьудым, ныбжьыщІэжьи я мызакъуэу, я г гугъэщ: усэр и кІыхьагъкІэ кьызэщІэзыубыдэж, зытепсэлъыхьыр кьызэщІэзыкьуэж сатыр гуэрхэмкІэ абы «пэщІэІуантІэ» етыжьын хуейуэ. Ар Іэмалымщэу щыткъым, апхуэдэ кІэух сатырхэм усэр ирагъэфІэкІуэн дэнэ кьэна, ахэр кІэрыдзэн лей хьурэ тхыгъэр ирагъэкІалІэу куэдрэ урохьэлІэ. Абы и щапхъэу кьэсхьынщ «Ільэсыщ1эм» и кІэух сатырхэр:

Уафэгур нитІым зэпаплъыхь.
Сэ сельэІуакІэщ маззэм:
«Зэманым сищІмэ льэрымыхь,
Псэхэхьи сыхуэгъаз».

Ягъэрауэ, мы сатырхэм ящ кьит:

...Щ1ымыгъэтауэ з ущысыр кьсс.
Аргуэру хьуащ нэхъ щ1ы1э.
Псэм сыздишэнур дэнэ нэс?
К1эухьр дэнэ щ1ы1э?»

- сатырхэмкІэ усэр хьарзынэу иухырт, нэгъуэщІ кьыщІыпіпщэн щымыІэжу. ЕтІуанэрауэ, ильэсыщІэм щымахуэм и теплъэр дахэу, дэрэжэгъуэу ди нэгу кьыщІитъэуна Іэужь, мазэм зэрельэІу:

«Зэманым сищІмэ льэрымыхь,
Псэхэхьи сыхуэгъаз»,

сатыр нэщхьеІэхмкІэ, зи дуней тетыгъуэ, зи псы кьэжэгъуэ ныбжьыщІэм усэр иухынщ тэмэму кьыщІэкІынкъым. НэгъуэщІ зы щапхъэ: «Си макъ» усэми иІэщ ищхьэкІэ зи гугъу сщІа «пэщІэІуантІэ» кІэрыдзэн лейр.

Псоми зэуэ уаІуплъэжмэ,
Мэхъу насып убгъуа.

Мы сатыритІыр щІимыгъужами, усэр хьарзынэу пыухыкІа хъ уакІэт. Ещанэуи зы жьысІэну сыхуеІт Марьянэ и «Балигъыгъуэ» усэм хэт «Сыхьэтым сепльри, сельэІуащ Зэманыр кьэувыІэну» сатырхэм теухуауэ. Мыбы занщІэу гур хуеГажэ Гёте и «Фауст»-м хэт «НапІэдхьеигъуэ, кьэувыІэ, уэ утепльыджщ» сатырым. ПсэцІ щІэзыдзэ кьудей ныбжьыщІэр апхуэдэу льэлъэну инджыри мыпасэІуэу пІэрэ? - жьыуеГэІэ а сатырым.

Кьуэнькьуей Альберт ящыщщ «Шыхулъагъуэм» кІуэ ныбжьыщІэ нэхъыжьыуэхэм. Ар 1963 гъэм Дыгулыбгъуей кьуажэм кьыщалъхуащ, и Іэщ1агъэ нэхъыщхьэкІэ кьапщтэмэ, физикщ, КъБКъУ-р кьиухауэ, егъэджакІуэу мэлажьэ. Физикымрэ литературымрэ зэгъунэгъуу кьыызэралытэр егъэпэжж.

Адыгэ щІалэм и усэхэм кьыбжаІэ Альберти гъуащ1эу поэзием хэщхьэрыуэхэм зэращымыщІыр, езым и хьэтІ кьызэрилъхьэр, ар кьызэрегъуэтыфынури кьеГэнаІуэ.

Кьуэныкьуейр хущІокъу и усэхэм философие гупсысэ ящІилъхьэну, ар литературэкІэ кьиІуэтэну:

Цыхупсэр сыт?
Джэдыкі1э пц1апц1эщ,
Зеиншэ пцанэщ, псы шынакьщ...
А псэр ихьуэмэу, кьимыгъапц1э у
Мэпл1ыр акьылрп - мэсакь.

Нобэрей зэманым и шыфэлІыфэхэр Альберт гъэшІэгъуэ ящІилъхьэ кьыщыгтхуеІуатэ «Дофакіуэ» усэм, дыззэрефакіуэ щыкІэм и гугъуи ещІ:

Е дызыу ейхэр догъэпэрыт,
Е кьытхуэмейхэр пэрыт зэпытщ...

Ящэ статыритымкІэ дыхегъэгъуазэри, иужь сатырхэмкІэ щІегъэбыдэж:

ЖытІэхукІэ шыпсэ,
лыфІхэр ди пашэу,
Фашист щІэрпісхэм
лыпісыр ягъажэ...

1989 гъэм Дыгулыбгъуей кьыщалъхуащ **Хьуэжэ Жаннэ**. Ар иджыри йоджэ, КъБКъУ-м филологиемкІэ и институтым адыгэбзэмрэ литературэмкІэ и кьудамэм щІэсщ.

Хьуэжэм и усэхэр лъагъуныгъэ лирикэм нэхъ тегъэпсыхьащ. Жаннэ мыІейуэ кьеХуэлІащ дуней и плъыфэхэм, гъэм и зэманхэм, псом япэу бжьыхьэм теухуа сатырхэр. Абыхэм яхьыбольагъуэ и усэхэм щІэщыгъуагъэ зэрыхилъхьэн, зытепсэлъыхьыр Іупщі, нэІурыт кьызэрищІын псалъэхэр егуГуу кьызэрилъхьэр, языныкІуэхэм дежь хьарзынэуи кьызэрыхуэгъэтыр, ауэ а кьалэным ныбжьыщІэр щыпэмыльэща усэхэри иІэщ Хьу зжэм. Гурыіуэгъуэ ейщ гупсысэр щІэзэхэзэрыльхьэ сатырхэр:

Цыхуэ льагъуныгъэм и Іэфіагъыр,
Щ1ымыгъуэтхыжьм, зыхэсщ1ащ.
НыбжьэгъукІэ зэджэм
и льапІагъыр,
Щ1ымыІэжьм, сэ кьссщ1ащ.

КьызэрыгуэкІ псалъэхэмкІэ кьэбгъэльагъуэмэ, усакіуэм жиІэну зыхуеяр мыраш:

«Льагъуныгъэм и Іэфіагъыр щызэхэсщІар ар щызмыгъуэтыжам щыгъуэщ», «Ныбжьэгъуэр зэрыльапІэр кьыщызгурыІуар ар сфІэкІуэда нэужькІэ». Псалъэхэмрэ сатырхэмрэ тэмэму зэрызэхимыгъэувам и эзранкІэ, гупсысэр Іупщі дыдэ хъуакъым. Ауэ Жаннэ и адрей усэхэм хьиболъагъуэ абы бзэр гъэхуауэ, гурыІуэгъу зи, лекджэгъуафІэу зэрыхуэзэрыгъуэнур.

Усакіуэм кьыгурыІуапхъэщ: усэм кьеджэр псалъэхэм, сатырхэм кьарыкІыр игъэлупщІын щхьэкІэ, ахэр зэщІысым ирагъэгупсысыкъым зэрыуухэн хуейр, атІэ сатырхэмрэ псалъэхэмрэ ящІэль гупсысэр абы кьеджэм дежь тыншу нэсу, зэхэщІыкІыщ зэрыщІытпхъэр. Ди усакіуэ ныбжьыщІэхэми, нэхъыжьыІуэхэми, яхэтщ псалъэ Іугъу, Іугъу, гурыІуэгъуейхэр нэхъыбэу кьагъэсэбэныхъ, псалъэухар зэхэхьыкІыгуеиІуэ зэхаІуэнтІэху усэр нэхъ купщІафІэ, гупсысабэ хьууэ кьызыфІэщІэжр. Ар щыуагъэшхэщ икІи зызыпыІудзын, зызыщыхьумэн хуей хьэлщ.

Гъапэ зэрыхъущи, Жаннэ и усэхэм мыпхуэдэ, иджыпсту зи гугъу тщІа закьуэм нэмыщІ, ущыхуэзэркьым. ЗэрыщІыту кьапщтэмэ, Хьуэжэр бзафІэщ, анэдэлхубзэм хуэщэрыуэщ икІи ар хьарзынэу усэбзэм игрегъэтІасэ.

КьБКъУ-м филологиемкІэ и институтым адыгэбзэмрэ литературэмкІэ и кьудамэм щоджэ 1988 гъэм Кьармэхьэблэ кьуажэм кьыщалъхуа **Гугъуэт Заремэ.**

«Кьудамэщ1э» тхылъым итщ Заремэ и усэ зыбжанэ. Абы и тхыгъэхэм кьагъэнаІуэ гъащІэм, дунейм плъыфэ зэхуэмыдэхэр зэраІэр, гъащІэр фІы защІэу е Іей кьудейуэ зэрыязэхэмылъыр, а псори дунейм щызэхэзэрыхьэрэ щызэгъусэу кьызэрекІуэкІым зэрегупсысыр, гъащІэр кьэзыгъэщыжри а зэгъусэныгъэ зэрыщарар кьызэрыгурыІуэр. Апхуэдэ гурыІуэныгъэм усэхэр гъащІэуэн ещІ.

Заремэ зытепсэлъыхьэр, зэ епльыгъуэкІэ, дунейм и кьэхъукъащІэ щытащ, жиІэу, атІэ дадэ Іущым хьыджэбз цыкІым и гур фІы хуещІ, уеблэмэ, я деж кьемышхьыдэн щхьэкІэ, абы кьыщхьэщхэ.

Хьыджэбз цыкІумрэ лЫжьымрэ я образхэр гъащІэм и лъэхэнитІым, щІалэгъуэмрэ жьыгъэмрэ, я зэхуцІтыкІэр зэрапх щыкІэу ухуащ икІи лЫжьым и лъагъуныгъэкІэ, цыхугъэкІэ ныбжьыщІэ цыкІум дерс иРет, дуней тетыкІэм и щапхъэ ирегъэлъагъу.

